

# Ansanm Ankò Otòn sa a

**Lè yo travay ansanm, lekòl yo, fanmi yo, ak kominote yo kapab kenbe elèv yo an sante, an sekirite, ak nan aprantisaj an pèsonn.**

## **Done sou tèl elèv nan tout eta a pou 2020-21 ki te pibliye dènyèman yo montre:**

- **Elèv ki te aprann *an pèsonn* te tchoule mwens lekòl.** Elèv an pèsonn yo te pase omwen sèt mwa nan saldeklas la pandan ane lekòl 2020–21 an.
- **Elèv ki te aprann *ibrid* oswa *a distans* te fè mwens pwogrè lekòl.** Elèv ibrid yo te nan saldeklas la ant twa ak sèt mwa nan ane lekòl la. Elèv a distans yo te pase mwens pase twa mwa nan saldeklas la.
- **Siveye kanè pitit ou a!** Kanè endividyèl elèv yo pral rive nan distrik lekòl yo nan kòmansman septanm, e n ap voye kanè sa yo pou fanmi yo.

## **Kijan done sa yo ap gide ane lekòl 2021-22 an:**

Rezilta tèl eta a montre elèv ki aprann *an pèsonn* yo gen plis chans metrize matyè nivo ane yo a.

**Distrik lekòl yo pran angajman ofri ansèyman an pèsonn a plantan pou tout elèv yo yon fason san danje pou ane lekòl 2021–22 a.** Tès yo pa sèvi pou evalye ni edikatè yo ni distrik yo.

Elèv ki gen anpil bezwen — Elèv k ap aprann an-gle, elèv ki gen andikap, ak/oswa elèv fanmi ki gen revni ba — te gen plis chans pou yo a distans pandan ane 2020–21 an. Yon retou nan ansèyman an pèsonn an 2021–22 pi enpòtan pou yo toujou.

## **Kijan nou kapab travay ansanm pou soutni yon aprantisaj an pèsonn san danje?**

**Nou konnen elèv yo aprann pi byen an pèsonn avèk edikatè yo ak zanmi yo.** Lè yo la an pèsonn, elèv yo ka jwenn tout sa lekòl la ofri — depi aktivite ekstra-eskolè rive nan manje nitritif.

CSDE ap travay sere avèk Depatman Sante Piblik la pou ofri distrik yo [rekòmandasyon](#) pou lekòl yo ka bay leplis pwoteksyon posib. Kèk nan mezi nou

pran yo se mete mask andedan, kenbe elèv yo a omwen twa pye youn de lòt nan saldeklas yo, lave men, ak plis bagay toujou. Konbinezon twa kouch pwoteksyon sa yo kreye yon estrateji efikas pou kenbe elèv yo ak pèsònèl la an sekirite nan lekòl la.

## **Pou fanmi ou patisipe avèk nou nan soutni aprantisaj an pèsonn san danje a, ou ka:**

- **Ankouraje pitit ou ale lekòl an pèsonn, chak jou,** sòf si li gen sentòm COVID-19; suiv rekòmandasyon pou rete lakay lè ou [malad epi fè tèl](#) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC).
- **Pran epi si yo gen laj omwen 12 an, fè pitit ou yo pran vaksen kont COVID-19.** [Jwenn yon klinik vaksinasyon nan kominote ou.](#)
- **Siveye siy estrès kay pitit ou.** Eseye kèk [aktivite](#) senp ak enteresan pou destrese lakay, oswa jwenn ki aktivite ekstra-eskolè lekòl oswa kominote ou a ofri. Si sansasyon yo pa ale, pale avèk konseye lekòl pitit ou a, avèk pedyat li, oswa avèk yon lòt pwofesyonèl medikal.
- **Okipe tèt ou.** Li nòmal pou w santi estrès, anksyete, chagren, ak enkyetid pandan pandemi COVID-19 la. Lè ou pratike [aktivite adaptasyon ki bon pou lasante](#) sa soulaje estrès e se yon bon egzanp pou timoun yo tou.
- **Kontinye pratike [metòd prevansyon COVID-19 yo](#)** tankou lave men ak vaksinasyon moun ki kalifye yo.
- **Chèche enfòmasyon nan sous ou ka fè konfyans** tankou [CDC](#).

## **Pou plis enfòmasyon:**

[Pandemi COVID-19 la: An nou ede jèn timoun yo ak paran yo retounen lekòl](#)



Depatman Edikasyon Eta Connecticut